ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№133 (23.041) • 2015 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 11, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Шэджэм, Прохладнэ районхэм я мэкъумэш Іуэхущ Іапі эхэм щыІащ

Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. иджыблагъэ Шэджэм, Прохладнэ районхэр къызэкІуохьащ икІи абыхэм я мэкъумэш предприятэ нэхъ инэм лэжьыгъэр къызэрыщызэгъэпэщам щыгъуазэ зиІащ. Псом япэу ар епльащ къэралым и дэІэпыкъуныгъэкІэ «Агро-Союз» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгухьэныгъэм сом мелард 1,5-рэ и уасэу иухуэ Іэщ комплексым, «Велес-Агро» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгухьэныгъэм и джэдкъаз комплексым, гъэ къэс Іус зэхэлъу тонн мин 50 къыщІэзыгъэкІ заводым, Къэрэгъэш къуажэм дэт дэрбэзэр фабрикэм.

КІУЭКІУЭ Юрий щІэупщІащ а ІэнатІэхэм я продукцэм хэгъэхъуэнымкІэ, лэжьапІэ ІэнатІэщІэхэр къызэгъэпэщыныкІэ, ныкъуэдыкъуэхэр лэжьапІэ гъэувыныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм, апхуэдэу иджыпсту ІэнатІэ Іутхэм я лэжьапщІэр зыхуэдизым. Мы Іуэхущ апІэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ и Іэщ Іагъэм хуэІэзэ лэжьакІуэхэр гъэхъэзырыным. Абы къыхэкІыу хозяйствэ нэхъ лъэщхэм хиубыдэу къыщызэрагъэпэщынущ студентхэмрэ школакІуэхэмрэ зыхуэфащэ Іэщ Іагъэхэр щызэрагъэуэтыну «агропаркхэр».

КъыкІэлъыкІуэу республикэм и Іэтащхьэр епльащ зы илъэсым къриубыдэу хадэхэкІыу тонн мин 75-рэ зыгъэкІыну, зыхъумэну, зыхуей хуэзыгъэззыну икІи зыщэну комплексым. Ди щІыналъэм щынэхъ ин дыдэ а предприятэр зэман кІэщІым яухуащ икІи мы махуэхэм къриубыдэу къызэІуахынущ. Абы щІыуэ метр зэбгъуэзнатІэ мин 46-м щІигъу иІыгъщ. Технологие нэхъ пэрыт дыдэхэр щызэтрагъэува а Іуэхущ апІэм хуэдэ куэд къэралым щыбгъуэтынукъым.

Лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым епльа иужь, КІуэкІуэ Юрий жиІащ республикэм и агропромышленнэ комплексым хыхьэ предприятэхэм ядэІэпыкъуныкІэ къэрал программэхэр гъэзэщІэным сытым дежи хуэфащэ гулъытэ игъуэтын зэрыхуейр.

КъБР-м и Іэтащхьэм районитІым хиубыдэ Іуэхущ апІэхэр къыщызэхикІухьым щыгъуащ республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Дадэ М. А., республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Говоров С. А., муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ апІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хэтащ республикэм и щыхьэрым и Къалэухуэ советым и зэІущІэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хэтащ Къалэухуэ советым и зэІущІэу Налшык къалэ администрацэм дыгъуасэ щекІуэкІам.

ЗЫХЭПЛЪЭНУ къыхалъхьа Іуэхухэм ящыщт паркым иубыдщ щІыпІэм, километр пщыкІуэ зи кІыхьагъым, зегъэубгъуныкрэ мыл зытегъэлъэда утыку зиІэ, щыху мини 7,5-рэ зыщІэхэуну комплексым и проектымрэ. Архитекторхэр зэрегупсысамкІэ, ар увыпуш «Ныбжь зэхуэмыдэхэм итхэр дэзыхьэх я хъуэпсапІэхэм щалъэІэсыну щыпІэ». Мурад нэхъыщхьэр - спортымрэ цІыхур узыншэу псэуныр бэр къыхуеджэныр, абы хуэузэщІыныр. Республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ а проектыр ягъэзащІэ къэрал-уней зэдалэжьэкІэм тету. КъБР-м и Іэтащхьэм къэлэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыуэ къигъэлъэгъуащ къалэм и план нэхъыщхьэр къэщтэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр щІигъэхуэбжьэныр. Ар гъэхьэзырыныр 2016 гъэм къриубыдэу зэфІэкІын хуейщ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м ухуэнысЪэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр **Тутыкъу А. М.**, КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр **Шагин С. И.**, КъБР-м спортымкІэ и министр **Хъущ А. В.**, Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэ **Къуэдзокъуэ М. М.**, КъБР-м и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Логоватовский Ю. С.** сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ апІэ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 11, *щэбэт*

♦ЦІыху бжыгъэм хэхъуэным и дунейпсо махуэщ
♦Шоколадым и дунейпсо махуэщ
♦1700 гъэм Берлин къыщыІэІуахащ Германием щІэныгъэхэмкІэ и академиер. Абы и япэ президенту щытащ нэмыцэ философ икІи математик Лейбниц Готфрид.
♦1941 гъэм щІидзащ Киев къалэр хъумэжыным теухуа зауэ гуащІэм.
♦1958 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблыр Монголием кІуащ, абы и лъэпкъ махуэшхуэм хэтын папщІэ.
♦1987 гъэм ЩІы хъурейм щыхуу щыпсэур меларди 5 ирикъуащ.
♦1998 гъэм Москва къыщыІэІуахащ Ныбжьыщ Іэхэм я дунейпсо джэгухэр.
♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІэрэф Майе** къыІэзэрагъэхуэр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цІыхубз артист **Къуныжь Алим** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх тІэкІу къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 30, жэщым градус 19 - 20 щыхьунущ.

Бадзэуэгъуэм и 12, *тхьэмахуэ*

♦ЦІыхухэр къыІэзэрыразэкІ кхъухьлъатэхэм я бортпроводникхэм я дунейпсо махуэщ
♦Сурэттехым и махуэщ
♦Урысей пощтым и махуэщ
♦Бдзэжьеящэм и махуэщ
♦Белоруссием и налог Іуэхущ апІэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ
♦1590 гъэм Саратов къалэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ.
♦1641 гъэм Астрахань хъанымрэ Балъкъ и деж щригъэкІуэкІа зауэм хэкІуэдащ Кьундет зэшхэр - Чэлимэтрэ Елдаррэ.
♦1783 гъэм Бытырбыху къыщыІэІуахащ Театр иныр, иужькІэ Мариинскэ цІэр зыфІащыжар.
♦1917 гъэм Ялтэ дунейпсо зауэм химие Іэщ - ипритгазыр - къыщагъэсэбэпауэ щытащ. Германием инджылыз-хэмрэ франджыхэмрэ я дзэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэр къызэпиудым мурадкІэ, дунейм зэи къыщымыхъуауэ, химие Іэщэ Бельгием и къалэ Ипр деж къыщыгъэсэбэпащ. Зауэр щекІуэкІа щыпІэм и цІэр фІащауэ щытащ а щхьэхъ лІэужьыгъуэм.
♦УФ-м, КъБР-м щІыхь зиІэ я сурэтыщІ **ТхьэкІумашэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.
♦Уэрэджыакіуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубз артисткэ **Толкуновэ Валентинэ** къыІэзэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.
♦Социологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ **ТхьэкІушынэ Аслъэндзэрий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦Дзюдо спорт лІэужьыгъэмкІэ дунейм и чемпион **Лъэцэр Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхьунущ.

Бадзэуэгъуэм и 13, *блыщхьэ*

♦Черногорием и къэралыгъуэм и махуэщ
♦Къэзахстаным шынагъуэншагъэмкІэ и органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ
♦1697 гъэм Камчаткэ щыналъэр Урысей къэралыгъуэм къыхьыхьащ.
♦1882 гъэм Урысейм ялтэ телефон стацэхэм лэжьэн щыщІадзащ.
♦1923 гъэм Лос-Анджелес пэмыжыжьэ Маунт-Ли бгы нэкІуэм «Голливуд» псалъэ цІэрыІуэр тратащ.
♦1908 гъэм Лондон къыщыІэІуахащ IV Олимп Джэгуэр. Абы ялтэ дыдэу цІыхубзхэр хэтащ.
♦1930 гъэм Монтевидео (Уругвай) къыщыІэІуахащ футболымкІэ ялтэ дунейпсо чемпионатыр. Абы къэрал 13 хэтащ. Уругвайр чемпион хъуащ.
♦Театрымрэ киномрэ я актёр цІэрыІуэ **Пуговкин Михаил** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦Адыгэ усакІуэ, тхакІуэ, журналист **Брай Адэлбий** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Сурэтыщі-график **Пащт-Хьан Алим** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 21-рэ щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Льэпкъ Іущыгъэ:

Вым и бжьакъуэ и хьэлъэкъым.

Къэрмокъуэ М. М. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэдкІэ хьэлэлу зэрылэжьам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Къэрмокъуэ Майе Мухьэмэд и пхъум**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м
№89-УГ

Республикэм и энергетикэм къыпэщыт къалэнхэм топсэлъыхь

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хуэзащ «Кавказ Ищхьэрэм и МРСК» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Зайцев Юрий.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ республикэм и энергетикэ комплексым зегъэужьыным хуэгъэзауэ гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэ Іуэхухэм. ЛъэныкъуитІми къыхагъэщхьэхуКІащ иужьрей илъэсхэм сэбэпынагъ къимыкІу ягъэкІуэд электрокъарур КъБР-м зэрыщагъэмэщІар, къаГъэсэбэпа энергием и уасэр нэхъ нэсу яту зэрыхуежьар.

КъБР-м и Іэтащхьэр яІущІащ киномрэ телевиденэмрэ я режиссёр Іэщ Іагъэр яІэу КъБКъУ-р къэзыухахэм

КъБР-м и Правительствэм и Унэм КІуэкІуэ Юрий щригъэблэгъащ киномрэ телевиденэмрэ я режиссёр Іэщ Іагъэр (УФ-м и цІыхубз артист, режиссёр Сокуров Александр и мастерской) Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щызэзыгъэгъуэтахэр.

Творческэ Іэщ Іагъэ хьэлэмэт яІэу университетыр къызэраухамкІэ зэІущІэм крихьэлІэхэм ехъуэхъури, КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхуКІащ щІалэгъуалэм я зэфІэкІыр тэмэму къагъэсэбэпынымкІэ зыхуеину Іэмалхэр къахуэзгъэпэщыпхъэу къызэриІыгъэр. Абы теухуа зыхуэфащэ Іуэхухэр ягъэхъэзырыну къалэн щащІащ ведомствэ, министерствэ хэхахэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ апІэ.

● КъБР-м и Парламентым

ФІыщІэ зыхуэфащэхэр

Бадзэуэгъуэм и 8-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щагъэлъэпІащ я лэжьыгъэм папщІэ фІыщІэ зыхуэфащэхэр. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советымрэ КъБР-м и Парламентымрэ я ЩІыхь тхылъхэр, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и ФІыщІэ тхылъхэр цІыху плІыщІрэ зым ираташ.

- ПАРЛАМЕНТЫМ и ЩІыхь тхылъхэр я Іэнатіэм хуэпэжу, абы яхуэзфІэкІыр халъхьэу бгъэдэтхэм ядот, - жиІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, зэІущІэр къыщызІуихым.

- Ар фэ фхуэфащэу къэвлэжьа тыгъэщ. Республикэм зыІэригъэхьа екъулІэныгъэхэр зи фІыщІэр фэращ. Пэжщ, республикэми къэралми щыпсэухэр нобэкІэ гугъу дохь, ауэ ѳэ быдэу си фІэщ мэхъу я лъэпощхьэпохэм дызэребэкъуэфынум къищынэмыщІауэ, ехъулІэныгъэ куэд иджыри зэрызыІэрыдгъэхьэнур. Ди республикэм ис лъэпкъхэм шыІэныгъэ я бэу, лэжьыгъэм щымышынэу къокІуэкІри, а хьэлыфІхэм я фІыгъэкІэ, дэ иджыри куэд тхуэсфІэкІынущ. Быдэу си фІэщ мэхъу фи щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ республикэм и зыужьыныгъэм зэрыхуэщхьэпэнур, фи мурадхэр къызэрывэхъулІэнур. Фи Іэщ Іагъэм и хъер фльагъуу иджыри илъэс куэдкІэ фылэжьэну сынывохъуэху, - захуигъазащ Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэм.

УФ-м и парламентаризмэм зегъэужьыным, КъБР-м и хабзэхэр егъэфІэкІуэным хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и ЩІыхь тхылъыр КъБР-м и Парламентым и III, IV, V зэхуэсыгъуэхэм я депутат, Іэпкъхэм я зэхущытыкІэхэмкІэ комитетым и унафэщІхэм ящыщ, Мэкъумэш политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсым и хьугъуэфыгъуэхэр къагъэсэбэпынымрэ щІы Іуэхухэм-кІэ комитетым хэт Бердюжэ Владимир ираташ.

КъБР-м и Парламентым и IV, V зэхуэсыгъуэхэм я депутат, Экономикэмкіэ, инвестицэмрэ хьэрычэт Іуэхухэмкіэ комитетым и унафэщым и къудзэ Войтов Алексей КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр ираташ. Егъэджэныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, апхуэдэ дамыгъэ лъапІэкІэ и цІэ ираІуащ Парламентым и V зэхуэсыгъуэм и депутат, Налшык къалэ дэт курыт еджапІэ №4-м и унафэщІ Нэгъуей Риммэ.

Журналистикэм зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэхэм папщІэ «Баксанский вестник» газетым и къудамэм и унафэщІ Емкъуж Лидэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр ираташ.

Мэкъумэш ІэнатІэм, Іэщ Іагъэхъуным щаІэ ехъулІэныгъэм папщІэ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и ФІыщІэ тхылъхэр ираташ Кумыщ Малилэ, Тебердиев Ибрэхьим, Щомахуэ Замир сымэ, нэгъуэщІхэми.

Республикэм и зыужьныгъэм зи гуащІэ хэзыльхьахэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**.

ЗэІущІэм кърагъэблэгъахэми псалъэ гуапэхэр жаІащ. Абыхэм къыхагъэщащ я зэфІэкІым гу лъатэу, абы дамыгъэ лъапІэ къызэрыхуагъэфэщам нэхъыбэжым зэрытригъэгушхуэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

■ Литературэ ■ Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Фэеплъ ■ Малъхъэдис

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхуэзр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Бозий Владимир Натбий и къуэр Лэскэн суд районым и суд участкэ №2-м зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям якъ иткlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Лэскэн суд районым и суд участкэ №2-м зэзыгъэкIуж и судыщIэм и къулыкъум ильэситху пIалъэкlэ гъэувын Бозий Владимир Натбий и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м
№271-П-П

ХьэщIэлI Славэ Хьэдис и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и къулыкъум гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и къулыкъум ягъэувын папщIэ ХьэщIэлI Славэ Хьэдис и къуэм и кандидатурэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм къыхилъхьам хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям (Iыхьэ 1-м и «л» пункт), «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям и Iыхьэ 3-м якъ иткlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и къулыкъум ильэсих пIалъэкlэ гъэувын ХьэщIэлI Славэ Хьэдис и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м
№272-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьямипкъ иткlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Газаев Масхут Байдуллах и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законым тетыныпмрэ хабзэр хъуэмэныжьkI и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмкlэ, лжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэныжьkI и комитетым хэгъэхьэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м
№273-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым ыпэкIыдыкIыу зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1) 103-нэ статьям и Iыхьэхэу 1-мрэ 2-мрэ мы къыкIэлъыкIыжу хуэдэу къэхьын:

«2. Парламентым и Унафэщlым законопроектымрэ абы екъэлIауэ къыIэрыхьэ материалхэмрэ Парламентым зыхуэфащэ и комитетым хуегъэхь, мыдрейр, хуейуэ къильытэмэ, ар пэублэу щызэпкърихкlэ прокуратурэм, юстицэм и уполномоченнэ органым я лIыкIуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу Парламентым щыIэр, зыхуэфащэ адрей органхэм ящыщхэр къарегъблагъэ (зэгуIэмкlэ лжьыгъэкIуэ гупхэм хэтыну). абыхэм законопроектыр къаэрыщыхьым щыгъуэзэ зищIын папщIэ.

3. Законопроектым пэублэу зэрыхэплъам къирикIуахэм якъ иткlэ зыхуэфащэ комитетым законопроектымрэ Парламентым и Президиумым абы теухуауэ къищтэн хуейуэ къильытэ унафэм и проектымрэ Парламентым и Президиумым и зэIущIэм къыщыхелъхьэ.»;

2) 104-нэ статьяр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«**104 статья**

Республикэ законым къигъэув Iуэху пыуыкIахэм щыхуэкIуам деж Парламентым и Президиумым унафэ къещтэ законопроектымрэ абы екъэлIа материалхэмрэ законхэр къыдэгъэкIыныжьkI жэрдэм къиIэтыну хуитыныгъэ зиIэ субъектэу ар къыхэзыльхьам хуегъэхьажьыным теухуауэ.»;

3) 178-нэ статьям и Iыхьэ 2-м хэт «5» бжыгъэр «3» бжыгъэмкlэ зэхъуэкIын;

4) 179-нэ статьям къару имыIэжу къэльытэн;

5) 180-нэ статьям и Iыхьэхэу 2-мрэ 4-мрэ къару ямыIэжу къэльытэн;

6) 181-нэ статьям къару имыIэжу къэльытэн;

7) 189-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и пункт 2-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2) республикэ бюджетыр зэрагъэззэщIамкlэ ильэс отчётым и Iуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и заключенэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщIым игъэзэзыра докладыр.»;

8) 228-10-нэ статьям и Iыхьэ 4-м, Iыхьэ 5-м и етIуанэ абзацым къару ямыIэжу къэльытэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м
№274-П-П

ЦIыхур къэзыгъэжан псы гуащIэхэр къемызэгъыу зыщэхэм тралъхьэ тезырыр ягъэткIий

Гъатхэ сессием хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым иригъэкIуэкIа иужьрей зэIущIэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкlэ и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законыр. Абы теухуауэ КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкlэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэныжьkI и комитетым и унафэщI Бгъэжьнокъуэ Зурят къыдэжIащ:

- Нэхъ япэкlэ, дыззыт илъэсым и мэлыжьыхь маздм, къащтауэ щытащ «Фадэхэкlэмрэ фадэу щымыт, цIыхур къэзыгъэжан псы гуащIэхэмрэ розницэ сатум зэрыщащэм и мардэхэр гъэткIиинымк и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законыр. Абы икIи иткlэ ягъэуващ фадэ мыгуащIэхэу цIыхур къэзыгъэжанхэр розницэ сатум щрамыгъэщэну, фадэу щымыт, цIыхур къэзыгъэжан псы гуащIэхэр республикэм и щIыналъэм зэрыщащэм и мардэхэр ягъэткIиину.

Ищхьэкlэ къыщыгъэлъэгъуа Законыр нэхъ тэмэму гъэззэщIа хъун папщIэ зэхалъхьащ КъБР-м Административнэ къуаншагъэхэмкlэ и кодексым фадэхэкlхэмрэ фадэу щымыт, цIыхур къэзыгъэжан псы гуащIэхэмрэ щэнымкlэ хабзэхэр къызэпызыдэхэм тралъхьэ тезырыр зыгъэгъэнэщIауэ сом мини 10-м нэскlэ, юридическэ Iэнатlэхэм сом мин 30-м щегъэжьауэ сом мин 50-м нэскlэ етхьэкъунущ.

КьыхэзгъэщхьэхуkIыну сыхуейщ цIыхухэм, къулыкъущIхэм, Iэнатlэ щхьэхуэхэм зыри езым и фIэфIыныгъэкlэ зэремытхьэкъур. Щэч хэмылъу, законым къиГъэувхэр абыхэм я нэхъыбэм текI имыIэу ягъэзэщIэ, сыту жыпIэмэ, «энергетикkIэ» зэджэ псы гуащIэхэм зэранытгъэ къахьыр зыхуэдизыр нэгъэсауэ къагуроIуэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Фэеплъ

Артист гъуэзэджэр ящыгъупщэркъым



Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIыхь зиIэ я артист, Абхъаз Республикэм и цIыхубэ артист Мысостышхуэ Пщыгъэбий щыпсэуа унэм фэеплъ пхъэбгъу фIадзащ дыгъуасэ. Абы кърихьэлIащ республикэм и гъуэзджэм, щэнхабзэм я лжьыкIуэхэр, Пщыгъэбий и лжьыгъэхэр фIыуэ зылъэгъуахэр, и Iыхьлыхэр, и благъэхэр.

ЗэХЫХЬэР езыгъэкIуэкIа уэрэджы-IакIуэ, телевиденэм и лжьакIуэ **Аттаев Азнор** къызэхуэсахэм кIэщIу ягу къыгъэкIыжащ Мысостышхуэ Пщыгъэбий и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ:

- 1958 гъэм ГИТИС-р къиуха нэужь, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщIидзащ Мысостышхуэм. Щхьэхрэ ешрэ зэримыщIэм къыхэкIыу зыпэрыт Iэнатlэм ар фIыуэ екъулIэрт, зэфIэкI ин щIэт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист нэхъыфI дыдэхэм ящыщу къалъытащ Пщыгъэбий. Актёр зэчиифIэр, цIыху гуапэр и лжьэгъуэхэми театреплъхэми фIыуэ къалъагъуэу щытащ. Мысостышхуэм и лжьэшгъэфIхэр, къигъэщIа образ, роль гъащIэгъунэхэр республикэм исхэм ноби ящыгъупщэркъым. Актёр Iэщlагъэм, театр гъуэзджэм щIэзэфIэкIыр къалъытэри, абы къэрал саугъэтхэр къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэщ «Лэжьыгъэм къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ» (1958), «Лжьыгъэм и ветеран» (1986) медалхэр, Абхъаз Республикэм Гулиа Д. и цIэр зезыхьэу щагъэува Къэрал саугъэтыр (1984), КъБР-м и Къэрал саугъэтыр (1998), Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIыхь тхылъхэр (1965; 1996). Пщыгъэбий артист къудей мыхъуу, усэхэр, рассказхэр, пьесэхэр, уэрэдхэр итхырт, урысыбзэкIэ тха пьесэхэр адыгэбзэкIэ зэридзэкIырт. ЩIэупщIэшхуэ яIэу щытащ абы телевиденэм щригъэкIуэкI «Хасэ», «Iэдиихуу», «Театрымрэ театрепльымрэ», «Гушыlэмрэ ауанымрэ» нэтынхэм. КъищынэмыщIауэ, телевиденэм и режиссёр нэхъыщхьэуи илъэс зыбжанэкlэ лжьакIуэ. Республикэм и щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ, адыгэбзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI хуищIауэ абы. Ар артист гъуэзджэу, щхьэгъусэфIу, адэфIу щытащ, Хэкур фIыуэ ильагъурт, ныбжьэгъуэхэр игъэльапIэрт. Мысостышхуэ Пщыгъэбий и фэеплъыр дигу илъыху, и цIэри кIуэдынукъым.

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** и лжьэгъуу щытар игу къыщIэкIыжьым къихигъэщащ КъБР-м и театр гъуэзджэр зэфIэзыгъэувахэм, гу къабзэгъуэхэр псэ хьэлэмкlэ лъэпкъ театрым, цIыхубэм яхуэлажьахэм ар зэращыщыр.

- Республикэм и радиомрэ телевиденэмкlэ Мысостышхуэ Пщыгъэбий и лжьыгъэхэр къатыжу нобэ ущрихьэлIэкlэ, умыгъэщIэгъэн плъэкIыркъым адыгэбзэр дахэу, къабзэу игъэшэрыуэу зэрыщытар. Пщыгъэбий республикэм и щэнхабзэм хуищIа хэлъхьэныгъэр фIыгъуэ мыльытащ. Абы и фэеплъыр зыщыдгъэгупщэ хъунукъым, - жиIащ Къумахуэм.

Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Фырэ Руслан** жиIащ республикэм и щэнхабзэ, гъуэзджэ Iэхъущ Iапl эхэм я лжьэгъуэкlэр, жьлагъуэ зэгуфхьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, Пщыгъэбий и къуажэгъу псыгуэнсудзсхэр я гумрэ я псэмрэ къыбгъэдкIыу пэкIм зэрыщыгъэхуэсар, артист гъуэзджэр, режиссёр Iэзэр ягу къагъэкIыжым папщIэ. ЦIыху гуапэу дунейм зэрытетам хуэдэу, ар спектаклхэми нэжэгужу, пэжагъ зыхэлъ цIыхуу зэрыщыджэгуар, цIыху нэсым и щапхъэу зэрыпсэуар Фырэм ягу къигъэкIыжащ икIи пэкIур къыззэгъгъэпэщащэм фIыщIэ яхуищIащ.

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министру илъэс куэдкIэ лэжьэ **Ефэнды Джылахьэстэн** и псальэм нэхъыщхьэу къыхигъэщхьэхуkIащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ Мысостышхуэ Пщыгъэбий и цIэр абы и тхыдэм къыгуэхыпIэ имыIэу зэрепхар, артист пажэм, режиссёр Iэзэм республикэм и театр гъуэзджэм, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар, ар цIыху теплъафIэу, гуапэу зэрыщытар.

КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткlэ **Кулиевэ Элизэт** жиIащ цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа, театр гъуэзджэм хуэлэжьэным зи гъащIэр хуэзыгъэпса Мысостышхуэ Пщыгъэбий утыкум щыджэгуу зэ зыльэгъуам ар зэи зэрыщымыгъупщэр.

- Зэхьихьэм щыззэхуэса дэтхэнэми Пщыгъэбий теухуа гукъэкIыж дахэхэр фигу къызэринэжам шэч хэлъхьам. Си щхьэкlэ, гъуэзджэр е сызыпэрыт къулыкъур мыхъуу, абырэ сэрэ гъунэгъу дызэхуищIащ зы унэ дыщыпсэуну къызэрытхуихуам. Зэгъунэгъуу дыпсэурти, щIэх-щIэхыурэ дызэрихьэлIэрт. 90 гъэхэм гъащIэм къыщыхъуа зэхуэкIыныгъэхэм дыщытепсэльыхькlэ, зэпымыууэ згъэщIагъуэрт ар тхыдэм кууэ зэрыщыгъуазэр. Философхэми ещхьу, Пщыгъэбий куэдрэ жиIэу зэхэпхырт: «Ари блэкIынущI». И лъэпкъымрэ и анэдэлъхубзэмрэ зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ ильагъуу щытащ. Хабзэ, нэмыс зыхэлъ, лъэпкъ зэхэгъэж зыкъыщI цIыхут ар. Апхуэдэхэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, - жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъуроко Хьэутий**.

Бизнесымкlэ институтым и ректор **Хьурей Феликс** Пщыгъэбий теухуа псалъэ гуапэхэм, гукъэкIыжхэм щыпищэм жиIащ а тIум я сабиигъуэр зэрызэдагъэкIуар, унэтIыныгъэ куэдым зэфIэкI щызыIэ артистыр «Бжьамий» Iуэрыуатэ ансамблыр къызэзыгъэпэщащэм ящыщ зы зэрыхъуар, и лжьэгъуэхэми цIыхубэми пщIэ зыхуащIу зэрыщытар.

Псыгуэнсу къуажэ администрацэм и лIыкIуэ **Сэбан Хьэзрит** зэIущIэр зыкъыгъэпэщащэм фIыщIэ яхуищIащ икIи къыхигъэщащ Мысостышхуэ Пщыгъэбий хуэдэ артист гъуэзджэ, Iьэпэкъыл я жьлэм къызэрдэкIам и къуажэгъуэр зэрыригушхуэр, я курыт еджапIэхэм щIэс цIыкIухэм абы и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ зэраджыр, я деж щекIуэкI зэхьихьэ гуапэхэм артист Iэзэм и цIэр куэдрэ къыззэрыщIраIуэр.

Зэхьихьэм къыщыпсэльащ, Мысостышхуэм псалъэ гуапэхэр хужаIащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир**, нэгъуэщIхэми.

Мысостышхуэ Пщыгъэбий и щхьэгъусэ, УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артисткlэ, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI **ЖьакIэмыхъу КIунэ**, абыхэм я къуэ **Аслъэнбэч**, апхъу **Маринэ** сымэ зэхьихьэр къызэзыгъэпэщащэм, абы кърихьэлIэхэм фIыщIэ ин хуащIащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Толгуров Чэмал** *трихащ.*

● КъБР-м и прокуратурэм

Лэжьыпхъэхэр ягъэбелдылы

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур иригъэкIуэкIащ зэщIэгъэуIуа щIэпхъаджагъэхэм ебэныныкIэ Iуэхущ Iапl эхэм зэдай лжьыкIуэ гупым и зи чэзу зэIущIэр. Абы хэтащ УФ-м Следствэмкlэ и комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, Урысейм и ФСБ-м, ФСКН-м, ФСИН-м я щIыналъэ управленэхэм, УФ-м и МВД-м Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щIэ Iуэхущ Iапl э нэхъыщхьэм и «Э» центрым, Урысейм и ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и гъунапкъэхъумэ Iэнатlэм я унафэщIхэмрэ я лжьакIуэхэмрэ.

ЗэХЫХЬэМ къызэрыщыхагъэщамкlэ, зэщIэгъэуIуа щIэпхъаджагъэхэм ебэныным хуэунэтIауэ лжьыгъэ пыухыкIа ирагъэкIуэкIми, я Iуэхур ныкъусаныгъэншэкъым Ар къыхокI псынщIэу зэфIэгъэкIыпхъэхэр нэгъэсауэ зэрамыубзыхум, бзаджащIэхэм ягъэхьэзыр хьэгъэщагъэхэр къызэрахутэщ щыкIэм кууу зэрыхамыщIыкIым. ЗэщIэгъэуIуа гупхэм я унафэщIхэм, лейзехьэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтхэм къытрахыжьхэм хуей мылькур къыльхьэуным, щIэпхъаджагъэ Iэмалкlэ зыIэрагъэхьа ахьышхэр нэгъэщI мылькумрэ ирагъэпщынэжьым щхьэкlэ тхьилъкlэ зэхуэгъэкIуэным ар зи пщэрылъхэр егугъуркъым. КИФЩI-м и хабзэхъуэмэ органхэр Урысейм финанс кlэлъыплъныныгъэмкlэ и Iуэхущ Iапl эмрэ Федеральнэ налог Iэнатlэм и къудамэхэмрэ зэрадзлажьэм арэзы укъищIыркъым.

Зэщ Iэгъэуlуа бзаджащIэ гупхэм мы гъэм и мазитхуи щIэпхъаджагъэ 76-рэ ялэжьащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ 18-кlэ нэхъ мащIэщ. Зэрахьа хьэгъэщагъэхэм ящыщу 67-р къыщIагъэщащ. ЩIэпхъаджагъэхэм я нэхъыбэр - 33-р - зэщIэгъэуIуа гупхэр яхьэзыгъэпэщхэм, абыхэм хэтхэм, 16-р - наркотикхэр, акъылыр зыгъэутхъуэ щхъухьэр, вещество гуащIэхэр хабзэншэу зэзыгъэкIуэкIхэм, 11-р - Iэщдзрэ щэхэмрэ зезыгъакIуэхэм, 5-р - хъунщIакIуэхэм, 4-р - лIыуэкIэм хуоэз.

Терроризм унэтIныныгъэ зиIэ щIэпхъаджагъэу ялэжьыр 23-кlэ, хабзэхъуэмэхэм, дзэ къулыкъущIэхэм ятеуэхэр хуэди 3,5-кlэ нэхъ мащIэ, экстремизм нэщэнэ зыхэлъ хьэгъэщагъэхэр 11-кlэ нэхъыбэ хъуащ.

Къэлъыхъуэныгъэ лжьыгъэр езыгъэкIуэкI Iэнатlэхэм законхэр зэрагъэзащIэм теуха прокурор кlэлъыплъныныгъэр гъэльэщIыпхъэщ.

КъБР-м щыIэ МВД-м, УФ-м Следствэмкlэ и комитетым, ФСКН, ФСБ-м я щIыналъэ управленэхэм следствэмкlэ я къудамэхэм щIэпхъаджагъэ 41-рэ зылэжьа цIыху 40-м яхуэгъэза уголовнэ Iэхъуу 31-рэ республикэм и судхэм ираташ.

КъБР-м и судхэм цIыху 24-м ятеуэха уголовнэ Iэхъуу 19-м щыхэплъащ. 18-м УФ-м и УК-м и 208-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 6-м - 228.1-нэ, 232-нэ, 234-нэ статьяхэм къыщыгъэзэгъэуа щIэпхъаджагъэхэр ялэжьащ. Псори къуаншэу къалъытащ икIи ягъэтIысащ.

ЗэIущIэм щагъэбелджьащ хабзэхъуэмэ Iуэхущ Iапl эхэм я зэфIэкIым хэгъэхъэным, щIэпхъаджагъэхэр зэзэрыгъэпэщ, къызэрахутэ щIыкIэр егъэфIэкIуэным хузунэтIауэ щхьэхуэу лжьыпхъэхэр.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Гукъинэжу ягъакIуэ



Шэджэм Езанэ жылэм дэт курыт еджапIэ №1-м, Бекъул Маритэ Назир и пхъур зи унафэщIым, мэкъуаузгъуэм и 1-м щегъэжьауэ «Сабиигъуэм и дунейI» махуэрыплажьэ лагерь къыщызэрагъэпэщащ. Мы гъэм лагерым сабийуэ 69-м зыщагъэпсэхуакIэщ. Абы нэхъыбэу екIуэлIар бынунагъуэшхуэхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм къахэкIа сабийхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщыжьмытыжьхэмрэщ.

ШКОЛАКIУЭХЭМ я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр нэгъэсыжьу, гукъинэжу ягъэкIуэн, я узыншагъэм хагъэхъуэн папщIэ, лагерым и къызэгъэпэщакIуэхэм программэ хэха зэхагъэуващи, лжьыгъэр абы тету ирагъэкIуэкI. Апхуэдэхэщ «Ди Хэкур», «ЩIыуэпсыр», «ЦIыхур», «Тlэпкъ щхьэкlэзэр», «Узыншагъэмрэ спортымрэ» жьхуиIэ унэтIныныгъэхэр. Сабийхэм гъэсэныгъэ-ущиныгъэ къызыхах ягъэуващI программэ гъэщIагъуэни зэхигъэуващ лагерым и унафэщI Джимиевэ Ариндз. Зи гугъу тщIа дэфтэрхэм якъ иткlэ, лагерым и гъэсакIуэхэу Шортей Эльзэ, ДыщэкI Сусаннэ, КIэщт Аминэ, Ахъуэхъу Жаннэ, Вэрокъуэ Софят, Бэгъытвр Бэлтлэ, Бэрэзэдж Назирэт, Кочкаровэ Марьят сымэ сабийхэм купщIафIэу ядолажьэ.

Спорт зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, зэпеуэхэр, узыншагъэм теухуа зэпсэлъэныгъэхэр цIыкIухэм ядергъэкIуэкI гъэсакIуэ Хьэрэмэй Алим.

Лагерым сабийхэр щызэшыркъым. Гъэсакlуэхэр хущIокъу цIыкIухэм щIэгуэрэр махуэ къэс къызэращIэным. «Зы дакъикъи купщIэншэу мыгъэкIуэн» къыхуеджэныгъэм щIэту загъэпсэху сабийхэм. ЖьыпIэнурамэ, щIэблэм я узыншагъэм, я къуэхым зегъэужьныныкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ мыпхуэдэ лагерхэр.

А псоми къыдэжIуэ, сабийхэр хуэхуат зыщIэлъ ерыскъыкъэмкlэ, пхъэщхьэмыщхьэмкlэ гъэшэн хуейщи, еджапIэм и пщафIэхэу Хьэдзыгъуанэ Людмилэрэ Борий Светланэрэ ялъэкI къаГъанэрэкъым цIыкIухэр шхын и лъэныкъуэкlэ зыхуэй хуэзэн папщIэ. Дауи, лагерым щекIуэкI Iуэхугъуэ псоми и нэIэ тетщ дохутыр Тхьэмокъуэ Эммэ.

Гъэсакlуэхэм яхуэзэфIэкI къамыгъанэкъым школакIуэ цIыкIухэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр купщIафIэу ирахьэкlын папщIэ. Лагерым зэрыщыIэ зэманыр хъакъулIауэ жыпIэ хъунущ сабийхэм. Ахэр ныбжьэгъу зэхуэхьауэ, зы унагъуэм щIэсым хуэдэу, зэхэгъэж ямыщIу зэхущытщ. А псор зи фIыщIэр ахэр зи нэIэ щIэт гъэсакIуэхэрщ.

МЭМРЭШ Мадинэ.

● ХъыбарегъащIэхэр

«Мадинэ» оперэм зревгъэхьэлIэ

Музыкэ къэрал театрым фрегъэблагъэ Балэ Мухьэдинрэ Кьардэн Хьэсэнрэ Щоджэнцыкlу Алий и поэмэм къытращIыкIыу зэдатха «Мадинэ» оперэм и премьерэм.

Гъэльэгъуэныгъэм бадзэуэгъуэм и 14-м сихьэт 19-м щIидзэнущ.

УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонымкlэ: **77-42-08**.

Унэидзыхьэ

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым бадзэуэгъуэм и 16-м фрегъэблагъэ «Унэидзыхьэ» спектаклым феплъыну. Абы сыхьэт 19-м щIидзэнущ. Театрым и мыгъэрей лжьыгъэр а спектаклымкlэ зэхуещI.

УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ **42-64-94**, **42-33-89** телефон номерхэм.

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакIуэ (XII лIэщIыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужь

Ээзыдзэкlар БЕР Хьэбалэщ

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№123 - 124, 128, 129-хэм итщ).

ТIэкIу нэхъ кIащхъэ щыхъум нэпсыр, пщащэм и гум зыкъещIэж,
Шагъдийм уанэр кьытрехри и щIэтыпIэм щIегъэхьэж,
Iэщэ-фащэр лЫм къыIехри IэкIуэлъакIуэу зэщIекъуэж,
ХуэгумащIэуэ лЫхъужьым, бгъуэнщIагъ кIыфЫм ар щIешэж.

Автандил гупсысэм ехьыр, зыхуихьынур къыхуэмыщIэу...
Нэху мэщ аурэ. КъыщIокI пщащэр щыгъа фащэр щыгъыу. ПсынщIэу
Шхуэр пщIэхелъхьэ шыми, щIедзэ бостеикIэкIэ илъэщIу,
КъыщIех уанэр, шым трелъхьэ, Iэуэльауэ лъэпкъ имыщIу.

Зы жэщ закъуэ фIэкI бгъуэнщIагъым щIэмызагъэу лЫр йожьэж,
Пщащэм щхьэцыр ифыщIыжу магъ, мэгуIэ, зечэтхъэж.
Ирехыжри сэлам пщащэм, гъуэгу лЫхъужьыр тоувэж.
Шум Асмат кIэльоплъ. И нитIым нэпс гущIыхьэр къыфЫщIож.

Гъунэгъу дыдэу шур щыблэкIым, Автандил елъагъу ар хуиту.
«Дыгъэу пIэрэ зи нэгу сиплъэр?» - жеIэ щэхуу, жыгым къуэту -
Хуэтхьэлэнуу абы, дауи, аслъэн ябгэр хъыжьыу!» -
Ахэр жиIэу кIэльоплъ лЫхъум, и гур бампIэу къыфIильэту.

НэсэIуасэ хуэхъуа лъагъуэм тету мэзым щIокI лЫхъужьыр.
КъуакIи бгыкIи зэренэкIри, хокIуэдэж хьэуам и ныбжьыр.
Автандил жыгыщхьэм тесу нэкIэ ехур и лъэужьыр.
И гум къокIыр: «Тхьэм нэхъ псынщIэ сцищI си гугъэщ
сэ Iуэху злэжьыр!

Сыт нэгъуэщI сызыхуеижьыр, щызгъуэтакIэ зи Iуэху зесхуэр?
СщIынщ а пщащэр гъэр, сыкIуэнщи, жезгъэIэнщ лъэмыкIыу щэхур.
ЖесIэнщ сэри си мыгъуагъэр, щIысфIэкIыфЫыр дуней нэхур,
ДжатэкIэ дыззэхуилъынкъым, зэфIэкIынщ мамыру Iуэхур».

VII
Автандилрэ Асматрэ бгъуэнщIагъым щIэсу зэжраIахэр

Автандил къохыжыр жыгым. Шым мэшэсри тегушхуауэ,
ХуеунэтI шагъдийр бгъуэнщIагъым, къэнам зи бжэр зэIухауэ.
Шы лъэ макъ зэхехри пщащэм, къыщIож, нэпсым гъэр ищIауэ.
И гугъат абы, щIегъуэжу, Тариэл къигъэзэжауэ.

Ауэ къопцIэ. КъэкIуам Iуплъэм, Тариэл ар зыкIи ещхькъым.
Егъэзэж щIэлъэдэжыну, бгыр къигъанэу и кIий макъым,
Ауэ занщIэу ар къаубыдыр - лЫхъужь Iэпщэм IэщIэкIакъым.
Магъ, мэгуIэ зиукIыжу, теткIуэу нэпсыр уэру нэпкъым.

Мэныкъуакъуэ IэщIэкIыну, и жалау лЫм Iуплъэн.
Ауэ ар IэщIэлъщ икъузу бгъэ лъэбжьанэм, IэщIэкIын?
Тариэл ар йоджэ гуIэу. - Хъуащ пэIэщIэ - зэхихын?
Автандили бгъэдэтщ пщащэм - лЫхъужь хахуэр хъуащ Iэнкун.

ЙолъэIу пщащэм: «УщIкIийр сыт? ЦIыхущ уи пащхьэм, тIасэ, итыр.
Слъагъуащ сэ узэджэ роззэр, хуадэжьипэу губгъуэм итыр,
Хэт ар? ЖыIэт, - дыгъэу къепсу, мазэ нуру лъэрыгетыр?
УмыкIий! Уи жагъуэ сщIынкъым. Псалъэ быдэ сэ узотыр».

Пщащэм къет жэуап гуIэжу, къытегуплIэу нэхъри бампIэр:
«Акъыл уиIэм, ар къэгъана! КъохъулIэнукъым а жыпIэр!
ИкIи къэпщIэфыну хъункъым уэ а щэхум и пэжыпIэр.
УмыгъакIуэу зэман пщIэнпэу, нэхъыфIщ ббгынэм уэ мы щIыпIэр».

Пещэ адкIэ: «Уэ лЫхъужьыр узыхуейр сэ IупщIу сщIэркъым,
Ауэ зыми а хъыбарыр хуэсIуэтэжу зэхихынкъым.
«Ар къыжеIэI» - уэ жыпIэхукIэ, бжесIэнщ: «ХъэуэI» - сытекIынкъым.
Угъуэг нэхъ нэхъыфIт угуфIэм! Ауэ гуфIэ сэ сиIэжкъым».

«ПщIэркъым пщащэм сэ сыхэтми, си гум щыщIэр, сыкъызидкIыр,
И лъэужь абы къэслъыхъуэу хэкуу щыIэр зызонэкIыр.
СыпIущIат уэ сыпщыгугъуу, сщIауэ уи жагъуэ хъыщIокIыр.
КъызэкумыIэу ар пхуэздэнкъым! Сыт е Iуэхум къыщIибгъэкIыр?»

Пщащэм жеIэр: «Ухэт сэркIэ? Е сэ - уэркIэ? - Iуэху сумыщI.
Дауи, сщIыгъукъым дыгъэр гъусэу. Ар къэпщIау си жагъуэ уощI.
ЩыдоУх абдеж ди псалъэр! - Ар жыпIам жэуап хузощI,
Къыслрещ1 сэ къыслыщIыпхъэр! - БжесIэн сщIэркъым сэ нэгъуэщI!»

ЙолъэIу пщащэм ар еубзэу, игъэткIуну псалъэ быдэр.
ПщIэнпэу гугъу лЫм зрегъэхьыр, - Асмат нэхъри зегъэбыдэр.
Къолыб и кIэм лЫхъужь гуащIэр, лъыр и нитIым къыщIолъадэр,
ЦIыхубз щхьэцыр и IэмыщIэу къурмакъейм сэр щIеубыдэр.

ЖеIэ: «Сэ бэлыхьу стелъым преув мыр, уи гур къису!
Сабий гъыкIэу сыбгъэгъащи, щIызокIыкIыр нэпсыр лъыпсу.
ЖыпIэу щытмэ - уи гугъу сщIынкъым, Тхьэр пхузоIуэ си нэмысу;
Къызэкумыlэм, сыпфIэкIынкъым уи жалаир къэзмыгъэсу!»

Жэуап къетыр: «Уитыху губгъуэм, цIыху акъылым тIэкIу уикIащ.
СумыкIрэ, - Тхьэм и фЫщIэщ, арти псэууэ сыкъэнащ.
Ауэ псалъэ уэ спипхынкъым сыпсэуху - мураду сщIащ.
Спыпхыжынур сыт сыбукIмэ? - щэхур щэхуу къэнэжащ.



СщIэркъым сытми уэ лIыхъужьым жызбгъэIэну узыхуейр.
Ауэ зыри уэ спыпхынкъым, къэзбгынами мы дунейр.
СытекIынкъым жысIа псалъэм, згъэуэту щытми ажал Iейр.
СыщIобэгъи ар ардыдэм, - сэращ щIылъэм тетхэм лейр.

Умыгугъат сэ ажалым гуIэгъуэшхуэ сыхидзэну, -
СызэрылIэу стелъ хьэзабыр, гуIэ нэпсци, кIуэдыжынущ.
Жэщ мазэхэщ сэркIэ гъащIэр, сыт ар фIыгъуэу щIэслъытэнур?
ИкIи сыт сэ си жьэр хамэм къыхуэстIэщIу хуит щIэсщIынур?»

«БгъэдыхьэкIэ хуэсщIар хьуакъым, - жиIэу щытщ лЫхъужьыр хэплъэу, -
Iэмал гуэр къыхуэзмыгъэтмэ, сызыхуейр жиIэнкъым псалъэу!»
БгъэдокIуэтри тIэкIу ар пщащэм, мэтIыс нэпсым имыгъаплъэу.
«СщIау уи жагъуэ дауэ, - жеIэ, - сыпсэуну си нэр къаплъэу?»

БгъэдотIысхьэ абы пщащэр, хуищI губгъэныр фэкIэ къапщIэу.
Автандил црыщ гуIэжу, жиIэ хъунур къыхуэмыщIэу.
ЩIэтщ мэз щIагъым нэпсыр псыдзэу, хэхъуэ фIэкIа ткIуэпс хэмыщIу.
Пщащэ гуэрми гъын къыщIедзэ, и нэгу щIэкIым гур хигъэщIу.

Хамэ нэпсым къищIау гухэ, магъ, мэгуIэ хуэмышыIэу.
Ауэ хамэщ зыбгъэдэсри, црыщ зы псалъи хужьмыIэу.
Автандил кIэлъоплъыр пщащэм: «Мэхъу нэхъ щабэ и гур», - жиIэу.
Ар йолъэIу аргуэру пщащэм, нэпсыр уэру нэм къыфIеIэу:

«СщIащ уи жагъуэ! Шыпхъу усщIыну хуитыныгъэу сыт сэ сиIэр?
Сыкъэнау зеиншэ дыдэу, къыстотуплIэ гуауэ щIыIэр.
Сэ сыхуейт уи фIэщ сыхъуну! Псалъэжь Iущу мыхэр жаIэ:
«Хьэлъэ дыдэу щытми гуауэр, текIуэнщ абы гущIэгъу зиIэр».

Акъылыншэу уэ зоспщыту, сфIэкIуэдами си нэмысыр,
Умыщ1 Iумпэм, гущIэгъуншэ лъагъуныгъэ мафIэм исыр.
СынолъэIу; къысхуэщI гулъытэ сэ тхьэмышцкIэм - лей къыслъосыр.
Къысхуэщ1 уи гур IэфI, псэр сIыхи! Ар сэ тыгъэу узопэсыр».

Лъагъуныгъэ гуащIэм хэщIэр ихьу пщащэм къызэрищIэу,
КъыщIедзэж аргуэру пыхьэу, щIригъэгъуу нэпсым щащIэу.
Пищэу нэхъри телъ хьэзабым, магъ, кьигъар абы фIэмащIэу,
Автандили зыхуеим и Iэр тохуэ, уафэр хуэжьыIэщIэу.

Гу лъитащ и псалъэм пщащэр нэхъри Iэсэ къызэрищIым
ИкIи, нэпсым ар хэмыкIыу, и гум лейуэ зэрыхэщIыр.
ЖеIэ: «Бийри, си шыпхъушхуэ, «Сэлам», - жиIэу дэ къытIуощIэ.
Мыр зэгъащIэ: хьэщыкъ хъуами, къемыплъэкIыу етыф гъащIэр.

Хьэщыкъ дыдэ сищIащ сэри лъагъуныгъэм, стелъщ и фэбжьыр.
КъыхуищIау къаlэн си Нэхум, къызолъыхъуэ а лЫхъужьыр.
Къэзгъэнакъым зы щIыналъэ къытеэмынэу си лъэужьыр.
Иджы, мис, фэ сыфIущIащи, махуэм уэфIу зыкъеужьыр.

Си гум щызт гуфIэгъуэр япэм, щищIу нэхум увыIэпIэ.
Ауэ гъуэгу сэ сыщытехьэм къохьэ кIыфЫр нэхум и пIэ.
Ухуитащ уэ къызэпщIэну узыхуейу хъуар напIэзыпIэм.
Къызэт-тIэ ажал е гъащIэ, схунэхуси и кIэм бампIэр».

Абдеж пщащэм псэльэн щIедзэ, псалъэу жиIэр гурыхь защIэу:
«Дахэщ уи бзэр! ПщIа мурадым ухуишэнщ абы куэд мыщIэу.
Ауэ нетIэ хэпсащ уи сэр си гум, жыпIэр уфIэмащIэу.
Иджы, нобэ щыщIэдзауэ, суриIэнщ сэ шыпхъу жыIэщIэу.

Лъагъуныгъэ IэфIым уи гур къэзбгъэщIащи итхьэкъуауэ,
Къызолъытэ си къалэну уи жыIэщIэ сыхъун хуейуэ.
Уи губампIэм пхухэзгъахьуэу нетIэ лъандэм усIыгъщ, ауэ
Сэ пхуэсщIынщ иджы си гъащIэр уэ лъэгуIыхь, сыарэзыуэ.

Сэ чэнджэщу уэстыр псори уфIэмыкIыу гьэзэщIэф, -
Техуэнщ уи Iэр уи мурадым - нэсыху пIалъэм зышыIэф.
Ар пхуэмыщIэм, къуохъулIэнкъым зыри, нэпсым уищIми нэф,
Щыпсэум деж яубми гъащIэр, хущхъуэ щылIэм деж ираф!

Сэ чэнджэщ уэстынур псори бгъэзэщIэфмэ утемыкIыу,
КъохъулIэнщ уэ уи мурадыр, мы бгъуэнщIагъым ущIэмыкIыу.
Ар пхуэмыщIэм : къохъулIэнкъым зыри, угъэ, нэпс щIэбгъэкIыу.
Зылъэгъуар хэт гъащIэр IэфIм, ар лIэныгъэ Iейм IэщIэкIыу?»

Автандил къопсалъэ: «Си гум къегъэкIыж зыгуэр а жыпIэм:
ГъуэгурыкIуэу, зы гъуэгу тету, тIу зэгъусэу кIуэрт зыщIыпIэ.
Ягъ итыр, мо зыдэкIуэм йохуэр псыкъуийм и кьихыпIэм.
Ижь итым ар къелъагъури, бгъэдолъадэр гъыу щыхупIэм.

Мыр жреIэ а тхьэмышцкIэм: «Абы ис зэ, тIэкIу зыIэжьэ!
КIапсэ гуэр сэ къэзгъуэтынщи, укъисхынщ абы - къызэжьэ».
Псыкъуийм исыр мэдыхьэшхри, кьокIиикIыр адда жыжьэ:
«Сыкуейу щытми, дэнэ мыгъуэм сыкIуэфын сэ сыномыжьэу?»

«Мы си гъащIэм къуэпсу иIэр пIэщIэлъщ дяпэкIэ, шыпхъушхуэ,
Сыт слъэкIынур сэ уэрыншэу? Сэ уэрыншэу сыт си махуэ?
Ухуейм сыти сэ къызэщIэ! Ауэ уи нэфI Тхьэм къысщигъахуэ.
Щхьэ мыузыр бозкIэ зыпхэм и делагъэр кьегъэнахуэ!»

Пщащэм жеIэ: «Уи псэльэкIэм и IэфIагъым гур къеуIэ.
Шэч хэмыльу, уэ пхуэфащэщ губзыгъэфIкэм хъуэхъуу жаIэр.
Уэ гугъуехьыр хьэлъэу птелъу щIэпщыкIами щIылъэщ щыIэр,
Ягъэ кIынкъым, къызэдаIуэ! Уи мурадым техуэнщ уи Iэр.

А хъыбарыр къищIэфыну къыщалъхуакъым дунейм цIыху,
Езы дыдэм гупыж ищIу ныбжьэгъу гуэрым хуиIуэтэху.
Зигъэхуэфи хущIыхьэгъуэ, абы ежьэ, къэкIуэжьыху.
Сыт щIэбгъэщтыр нэпс IумылкIэ розэр, гуауэр пщIауэ жьыху.

Дэ тIум ди цIэр ухуейм пщIэну, бжесIэфынущ езмыхьэкIыу:
Тариэлщ лЫхъужьым и цIэр, цIыху псэу теплъэм хьэзэкIуэкIыу;
Сы-Асматщ сэ - сохь си гъащIэр, мафIэ лыгъэм сыхэмыкIыу.
Сэ си закъуэм хъунт апхуэдэу зыхьыр гъащIэр къещIыIэкIыу!

А лЫхъужьым теухуауэ аращ бжесIэр, доух псалъэр!
Итщ губгъуэшхуэм ар зэкIужу, темыпIэу щIылъэм и лъэр.
КъиукIпарэ къихьмэ, сошхыр, зыщIэжьэм деж сыпопльэ.
Иджы сщIэркъым абы нобэ кьэкIуэжьигъуэу ищIа пIалъэр.

СынолъэIур упэплъэну абы, губгъуэм уимыхьэжу.
СелъэIунщ, слъэкI къэзмыгъанэу, къигъэзэжмэ игу къыдэжу.
ПщIэну щытхъум, фи акъылыр зэтехуэнкIи хъунщ зэкIужу.
КъыбжкIэнщ абы итIанэ лъагъуныгъэм хэлъыр пэжу».

Пщащэм жиIэм ар щIодэIури, псалъэ етыр фIэмыкIыну.
Iэуэльауэ гуэр зэхахри, къыщолъэтхэр зейр къащIэну.
Зыщеужь аузым мазэм, хэтщ дунейр къигъэнэхуну.
ЩIоIэдэж бгъуэнщIагъым тIури, Iэмал гуэр кьагупсысыну.

Пщащэм жеIэ: «Уи мурадыр Тхьэм къыпхуещIэ, хъуау уи телъхьэ.
Уэ лъэныкъуэ зегъэз псынщIэу, - къуэгъэнапIэ гуэр деж къухьэ.
А лЫхъужьым пэрыуэну къихьэфакъым щIыху и пащхьэ.
ФIы схуэщIатэм фи зэIущIэр, сыт сыхуейт нэгъуэщI? О, ди Тхьэ!»

Пщащэм Автандил щегъэщкIур бгъуэнщIагъ кIыфЫм епIэщIэкIыу.
Шым къопсых нэщхъейу лЫхъужьыр. Мэлыд фащэр, нэр щIисыкIыу.
Ар мэпыхьэ, нэпс щIигъэкIым и гуащIагъыр къехьэлъэкIыу.
Автандил абы йоплъакIуэ, къуэгъэнапIэм къыкъуэмыкIыу.

Хрусталь джафэу я нэкIущхьэм нэпсыр уэру къоукIуриех,
ЛIыхъужь хахуэр магъ зэщыджэу. ЦIыхубз макъым гур ирех.

Шыр щIашэжьр зыщIэт хабзэм, шы Iэпслъэпсхэр къыпщIэхах.
Ауэ нэпсыр щIогъущхьэжьр, напIэр хуиту зэтрах.

Автандил йоплъакIуэ ахэм, гъэр пэлъытэу зиущэхуауэ.
Къаплъэныфэ кусэ дахэр еубгъу пщащэм, трихауэ.
ЙотIысэх абдеж лЫхъужьыр, нэщхьеягъуэм гъэр ищIауэ,
И нэбжьыщхэр нэпс шыугъэм цыпэ-цыпэу зэщIишхауэ.

ЩещIыр жьэгум мафIэ пщащэм, лIы мэжалIэм хуэпщэфIэну,
КъыфIощI пщащэм, ар тIэкIу шхэмэ, и губампIэр нэхъ теуну.
Лы егъажьэ, хуехь лЫхъужьым, - йолъэIупэ едзэкъэну.
Зэ хоIэбэрэ - зегъазэ, и гупсысэм къыпищэну.

ЗрегъэщIыр тIэкIу жеину, ауэ жей къыпфIощI зэфIэту,
КъыхощтыкIри, мэкIий ину, мэIущащэ, Iуэщхъум хэту.
КъыIэщIэхуэмкIэ зоуэжьир, къимыгъанэу зы игъуэту.
Пщащэ цIыкIуми нэкIур лъыпсу ечэтхъэж абы щхьэщыту.

ЙоупщI пщащэр, гъыу, лЫхъужьым: «Сыт къэхъуар аргуэру?» - жиIэу.
Жэуап къетыр: «Сыхуэзащ сэ пащтыхь гуэрым, щакIуэ щыIэу,
Хьэпшыпыфи щIыгъуу ишэу, уей-уей и дзэм жрагъэIэу,
Ябыныкъуэр ину губгъуэм, хьэкIэкхъуэкIэр гъусэ пэжу.

Зэрыслъагъуу цIыху, пшэ фIыцIэр хьэлъэу си гум къытогъуалъхьэ.
СаIуплъэн ажалу слъагъуу, шыр мэзыкум щIызогъэхьэ,
ПыкIау си фэр, ажалыфэу сабий гъыкIэуи сопыхэ.
Пщэдджыжь хъуху зыщысIэжьэну, къызохьыжьир унэм си щхьэр».

ЩIодэIу пщащэр абы жиIэм, и нэм нэпсыр къыфIыщIэжу.
ИкIэм жеIэ: «ЦIыхухэмыхьэу ухоХ уи гъащIэр, лей зэпхыжу,
Губгъуэ нэщIыр уи хэщIапIэу, хьэкIэкхъуэкIэр гъусэ пэжу.
СыткIэ хуэхъурэ ар уи щIасэм сэбэп, пщIэми, захуэу убжу?

Къэбгъэнакъым дунеишхуэм щIыпIэ цIыху зыдэкIуэ хъуну,
АтIэ сыт уэ ущIимыIэр зыгуэр уи гум къытехуэну,
Уи гур мафIэу къыхуэмыплъу чэнджэщэгъу, ныбжьэгъу пхуэхъуну?
Ар уоукI, е укъеукIыр, - сэбэпагъ абы кьихьыну?»

Жэуап къетыр: «Уи гуапагъым, ещхьыркъабзэщ жыпIэу хъуар,
Ауэ хущхъуэ сэ схуэлъытыхьэр щоуэр икъукIэ, хэтми ар.
Сыт къэплъыхьэкIэ къикIынур мы дунейм къытемыхьар?
IэфIщ лIэныгъэр сэ си дежкIэ! Аращ плъапIэу къыхсхуэнар.

Хэт сэ схуэдэу насыпыншэу Алыхьталэм къигъэщIар?
Хэт сэ сэщхьу нэщхъеягъуэм гущIэгъуншэу ихуэзар?
Гуауэ нэпсыр псы пэлъытэу хэт сэ схуэдэу изыфар?
Къалъхуам хэткъым цIыху апхуэдэ! Уэ зырщ, си псэ, зылъэкIар».

Асмат жеIэр: «Уи мыжагъуэм, солъэIунут уэ зыгуэркIэ.
Уи Уазиру сыщытыпхъэу Алыхьталэм щичхакIэ.
ПщызбзыщIынкъым мыбы нобэ къыщыхъуахэр укъэтыхукIэ.
КIыхьлIыхь Iуэхум зезыгъэщIыр хущIогъуэж абы иужькIэ.

ЛIыхъум жеIэ: «ЖыIэ занщIэу къызжепIэнур иумыхьэкIыу.
КъыздикIынур дэнэ щIыпIэ ныбжьэгъуфI хъун, Тхьэм къыфIэкIыу:
Къысхуеижкъым сэ Алыхьыр! Итщ си ужьым ар имыкIыу.
Сохь си гъащIэр хьэкIэкхъуэкIэу, хьэкIэкхъуэкIэм сыхэмыкIыу».

«АтIэ сэри кIыхьлIыхь сщIынкъым, - нэхъ тегушхуэу жеIэ пщащэм, -
ЛIыхъужь гуэр къикIауэ жьжьэ къщыхихутэм мы уи пащхьэм,
Уи мыгъуагъэр бдигуэшыну ныбжьэгъугъэр пхуигъэфащэм
Къызэт псалъэ пщIэ хуэпщIыну, уемыхъуапсэу джатэ Iэпщэм!».

Жэуап къет лЫхъужьым: «ИкъукIэ гуфIэгъуэшхуэщ ар си дежкIэ.
Изот псалъэ сэ зеиншэм, лъагъуныгъэ зыхуэсщIамкIэ.
Нэщхъеягъуэ е лIэныгъэ ар хэхуэнкъым си зэранкIэ.
Згъэпэжынщ зэныбжьэгъугъэр цIыху нэмысыр мыхъуу икIэ».

VIII
Тариэлрэ Автандилрэ зэрызэIущIам и хъыбар

Автандил деж жэри пщащэр, епIэщIэкIыу жриIащ:
«Уи гугъу сэ абы хуэсщIати, имыжагъуэу гу лъыстащ».
Кьыкъуеушыжыр къуэгъэнапIэм, бгъуэнщIагъ кIыфIыр нэху къэхъуащ.
Тариэл ар къыщилъагъум, дыгъэ къепсу къыфIэщIащ.

Тариэли абы пожьэ, гуапэу хьэщIэм IущIэн папщIэ.
А тIум нуру къащхьэщихым щIылъэ щхъуантIэр дощIэращIэ, -
Вагъуэ нур зэшиблым нэхуу ядзым нэхърэ мынэхъ мащIэ.
Я Iэпкълъэпкъэм я дахагъым пэсщIын щыIэуи сымыщIэ.

IэплIэ щабэкIэ зэIуощIэ, гурэ псэкIэ зэхуэгушхуэу.
Дзэ хужьыбзэхэр къаIупсу ба зэхущIыр зэхьэзэхуэу.
ЩIадзэ тIуми гъын зэщыджэу, я гум щыщIэр къагъэнахуэу.
ПыкIау я фэр, хуэдэу шэхум, щытар дыгъэм ехьэехуэу.

Я Iэр гуапэу зэрыIыгъыу, лЫхъужьитIым зыкъагъаэз,
МэтIыс тIури, куэдри магъыр псыхьэлыгъуэу я нэпс къабзэр.
Я гур нэхъыфI яхуищIыну, Асмат ахэм захуегъаэз:
«Зэвмыхьыж лей апхуэдизу, тевгъэкIуауэ гъащIэм гъыбзэр».

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Сурэтхэр **Къып Мухьэмэд** *ищIащ.*

● Шхыныгъуэхэр

Жэрумэ зэращыр

Мэл ныбапхъэр фIыуэ ягъэкъабзэри, и бгъуагъэ см 15, и кIыхьагъыр см 25-рэ хьуриз зэпагъэж. Аэр Iэнэм траукъуэдиери, и щыIум шыгъу, джэдгыну, шыбжий трагъэщащэ, итIанэ ныхупIэ гъэкъабзар щэри зэрыкIэрылъу (тырку хэмылъу) см 13 - 14 хьуурэ зэпаущIри, ныбапхъэм и кIыхьагъыкIэ тралъхэ. Щэ тхъурымбзар кIыхьурэ зэпаущI, жэрумэм иригъэкъун ныхупIэ абы кIуэцIалъхьари, ныбапхъэр кърашэкIыж.

Ныбапхъэм и кIапитIыр зэтехьэу щытын хуейщ. Ар IуданэкIэ е кIэтIий псычIуэ къабзэкIэ зэкIуэцIапхэ и кIыхьагъымкIи, и кIапэр зэрадзэж. КIэтIийкIэ зэкIуэцIыпхар нэхъыфIщ, сыту жыпIэмэ жэрумэр тебэкIи дзасэкIи щагъажьэ щыIэщ. Апхуэдэм деж Iуданэр кIыхьэжыгъуейщ. Хьэзыр хьуа жэрумэр щыIалъэм далъхьэри, фIыуэ ягъэдий, щагъавэкIэ нысбапхъэмрэ ныхупIэмрэ псыр къащIэмыжыну, арышащмэ, лэпсыр утхъэунущ.

Халъхьэхэр (зы цIыхуэ IыхьэI):

Нысбапхъэ гъэкъэбзауэ - г 120-рэ

НыхупIэу - г 100

Щэ тхъурымбзу - г 90

Бжьын укъэбзауэ - г 20

Шыбжий плъыжь сыру, джэдгыну, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Губгъуэ мэракIуэ зыдэлъ дэлэн

Мыбы и тхьэвыр зэращIри зэрагъажьэри лы зыдэлъ дэлэным хуэдэущ.

Тхьэвым дэлъынур зэрагъэхьэзырыр: мэракIуэр къабзэу зэхащIыпIкI, псы щIыIэ дагъэжэх, фошыгъу ракIутэри тIэкIу щагъэлъ, мэракIуэм фошыгъур хыхьэн хуэдэу.

Халъхьэхэр:

Тхьэвым:

Гуэдз хьэжыгъэу - грамм 500

Шэуэ - г 250-рэ

Пщагъэу - грамм 15

ДжэдыкIэУ - 1

Фошыгъуу - грамм 30

Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз

Дэлэным дэлъынур:

МэракIуэу - грамм 400

Фошыгъуу - грамм 90

Дэлэн жьам щахуэ фошыгъупсым:

Псыуэ - грамм 20

Фошыгъуу - грамми 10.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

«Жанымрэ» «Галактика»-мрэ усэкIэ зэпэджэжащ

● Пшыхьхэр

«Жан» зэгухьэныгъэмрэ Бахъсэн къалэ щыIэ «Галактика» мыхьэнэ куэд зыигъэзащIэ щIалэгъуалэ центрымрэ зэгъусэу литературэ пшыхь ирагъэкIуэкIащ.

АР КъыдзэрагъэпэщащI «Жаным» иригъэкIуэкI «Усыгъэр псом пащIи» Iуэхум хэту. «Галактика»-м и унафэщI Къущхьэ Заремэ хьэщIэхэм яригъэцIыхуащ я щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм хэтхэр, тепсэлъыхьащ абыхэм я IэхъущIафэхэм. Литературэ пшыхьыр адыгэбзэкIэ ирагъэкIуэкIыныр псом хуэмыдэу зэрагуапэр къыхигъэщащ Заремэ. ЖиIаш бзэмрэ хабзэмрэ зехьэныр я IэхъущIапIэм и къалэнхэм зэращыщыр. «Галактика»-мрэ «Жанымрэ» хэтхэр къеджащ усакIуэ пажэхэм я Iэдакъэщ Iэкъ Iэмэ езыхэм я усэхэми. «Галактика»-м и лэжьыгъэм жыджэру хэт Апыч Марат утыку кIрихьащ езым зэхилъхьа усэхэр. Журналист, усакIуэ Шыбзыхьуэ Астемыр къеджащ лъэпкъым, абы къыдзэгъуэгурыкIуэ хабзэхэм ятриуху уа усэхэм. Абы жэуап иритащ и Iэдакъэщ Iэкъ Iэмэ ятеухуауэ кърата упщIэхэм.

«Жан» зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Заринэ щIалэгъуалэм ядэгуэшащ зэгухьэныгъэм и IэхъущIафэхэр зыхуэздэмкIэ, тхакIуэхэм, усакIуэхэм я тхыгъэхэр щыхуэхэм къеГъэщIыхуныжмкIэ Интернетым и мыхьэнэм, адыгэ усыгъэм хухаха напэкIуэцIхэр зэрыщыIэм я гугъу ищIащ.

БешкIур Ислъам игъэзэщIа «ИстамбылакIуэ» уэрэдым пшыхьым хэтхэр иджыри зэ лъэпкъ Iуэхум иригъэгупсысащ. «Галактика» центрым нэхъыщIэ дыдэу хэт Къущхьэ Эвелинэ щыкIу пшыхьым щыжиIащ «Дыгъэ» уэрэдыр.

Мыр зэгухьэныгъэмрэ центрымрэ я япэ зэIущIэщ. КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIамкIи, абы иджыри къыкIэлъыкIуэнущ.

Къущхьэ Заремэ пшыхьым жыджэру хэтахэм яритащ я центрым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр.

ГЪУЭТ Синэ.

Сурэтыр

Шыбзыхьуэ Астемыр *трихащ.*

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5**. Хьэцэпэцэхэм я щхьэкIэ. **7**. Уэрэджыкlаlуэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист ... Юрэ. **8**. Псэлъэн щIэзыдзагъащIэ цIыкIуэр джэдум зэреджэ. **9**. «ИлъэС» псалъэр нэгъуэщI зэрыжаIэ. **10**. Щыгъыным хищIэ къэзылъэтыхь хьэпIащIэ. **11**. Жыжьэр гъунэгъуу уэзыгъэлъагъу. **12**. Мэжджыным хэтщ ... джанIэ. **14**. ЕфапIэм къыщIэджыжьа лIым ...-небэу и унэмкIэ иунэтIыжащ. **15**. Къэушырыба, къэпща. **18**. Куэншагъэ зылэжьам ... тралъхьащ. **19**. Гъыринэ. **24**. Уи щхьэ мыузым ... иумышэкI. **25**. Бахъсэн щIыналъэм хиубыдэ къуажэ. **26**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **32**. «ПыIэ ... плъыфэм уи фэр изоплъри, лъахъшэу щхьэрызокъуэ...» - Къэжэр Индрис и уэрэд цIэрыIуэм щыщщ. **33**. Гугъуехь куэд зи фэм дзэыгъэхуэф цIыху. **35**. Ди республикэм щыIэ псыежэх. **36**. Мылъку зи куэд. **37**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэу щыта, режиссёр, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ. **38**. Удзыжь, удз дэжей. **41**. Пасэрей адыгэ хьыбарегъащIэ. **42**. Егъэлеяуэ пшэр, зэпэхъурей. **43**. Лъапэ зыпымыт цIыхухъу щыгъын лIэужьыгъуэ. Ди зэманым щIагъуэу зэрахьэжыркым. **44**. Щхьэгъусэ ищIын мурадкIэ, бзылъхугъэ щIэупщIэ цIыхухъу. **45**. 1992 гъэм ди республикэм япэу щекIуэкIа президент хэхыныгъэхэм хэтащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ хъуну хущIэкъуащ КIуэкIуэ Валерэ, Хьурей ..., Къэрмокъуэ Хьэчим, Иуан Пётр сымэ.

Къехьу: **1**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз усакIуэ. **2**. Тепщэчышхуэ, тепщэч куу. **3**. Хупщынэр зэрагъэтэдж. **4**. Къуалэбзу. **6**. Дин лэжьакIуэ, хеящIэ. **13**. Кхъухьлъатэзехуэу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь Къуэныкъуэ ... **14**. Арджэн къызыхащIыкI къэкIыгъэ. **15**. Пхъащ Iэмэпсымэ. **16**. Католикэм я Папэ Франциск зи Iэтащхьэ къэрал цIыкIур зыхиубыдэ къалэ. **17**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **20**. Танкым и Iэщэ. **21**. Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфIэфI. **22**. Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы. **23**. Гу кIуэм ... къыкIэрейд. **27**. ЩIэблэ цIыкIу. **28**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз тхакIуэ Елгъэр ... **29**. Анэкъиплъу. **30**. ЦIыху Iейм щхьэкIэ щыжаIэ щыIэщ: « ... блэбгъэжу ар букI хьунщ!» **31**. Гъэгум ... къутахуэ тельщ. **32**. Зи гум зишхыхьыж цIыху дыдж. **34**. Горбачёв Михаил и пэкIэ Совет Союзым и лIыщхьэу зы ильэскIэ щыта. **38**. Iэпсльэпсым цIыщ. **39**. Зи пхъафэр щхъуафэ-фIыцIафэ жыг. Псэуалъапхъи къыхах, гъэсныныпхъэфIи мэхъу. **40**. Азием хиубыдэ, Африкэм пэгъунэгъу хьэрып къэрал.

Зэхэзылъхьар

МЫЗ Ахьмэдщ.

Бадзэуэгъуэм и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **2**. Шыдрэ. **4**. Лашын. **8**. Хъушэ. **10**. Ужьэ. **11**. Лэнистэ. **12**. ТхьэкIумэ. **13**. ПсыкIэху. **14**. Гъунэ. **15**. Шынакъ. **17**. Тумэн. **21**. Кумб. **22**. Абаззхэ. **23**. Пщы. **24**. Джалэс. **25**. ЩIапIэ. **27**. Блэ. **30**. Астана. **32**. Блыщхьэ. **35**. БгъуэнщIагъ. **37**. ЩIэп. **38**. Мэз. **39**. Щхьэзэ. **40**. ХьэмкIэ.

Къехьу: **1**. Пхъуантэ. **2**. Шэд. **3**. Делэм. **5**. Шхэпс. **6**. «Нур». **7**. Гъэмахуэ. **9**. Дыжьын. **15**. Шэмэдж. **16**. Адакъэ. **18**. УнэIут. **19**. Нащхьэ. **20**. Бзу. **26**. ДахащIэ. **28**. Лэгъунэ. **29**. Хьэуазэ. **31**. Набгъэ. **33**. Лагъым. **34**. Гъупщ. **36**. Умэ.

● Интернетым дыкъыщоджэ

Нэхъ гуапэу дызэхущывгъэт

Нью-Йорк щыщ таксист гуэрым Фейсбукым щIэ напэкIуэцIым къритхащ: «ПажьапIэм къызэрыщызжаIам тету, сызды Iухьэн хуей унэм сынэсри, машинэр згъэкIиящ. Дакъикъэ зыбжанэкIэ сыпэплъэри, аргуэру згъэкIиящ. Дакъикъитху сыщыта нэужь, ар иужьрей дэкIыгъуэти, унэм сыкIуэжьыну мурад сщIащ. АрщхьэкIэ, сыкъезыджам и Iуэху зыIутыр къасщIэмэ нэхъ сфIэигъуэу, машинэм сыкъикIащ. Бжэм сытеуIуа нэужь: «Зы дакъикъэкIэ...», - къэIуащ бзылъхугъэ ешаифэм и макъ. Унэм зы хьэпIэ гуэр къыщIихьну зэрыхэтыр пэшым къыщIэIуI макъымкIэ къызгурыIуащ. Дакъикъэ зыбжанэ дэкIа нэужь, бжэр къыIуихащ илъэс 90-м нэблагъэ бзылъхугъэ Iэмащ Iэльэмащ Iэ цIыкIум. Чэсыргей бостейрэ пыIэ хъурей цIыкIурэ щыгъто абы, 1940 гъэхэм траха фильмхэм къыхэкIа фIэкIа умыщIэну. И шумэданыр къыщIигъэувыкIри, сэлам къызихащ.

- Си сумкэр машинэм нэс нысхуумыкIыфыну пIэрэ? - жиIащ бзылъхугъэм щабэ дыдэу.

Шумэданыр машинэм изгъэувэри къэзгъэзэжащ, езым сыдэIэпыкъуурэ къизгъэтIысхьэн папщIэ. Си Iэпэр кIиубыдри, машинэмкIэ хуэмурэ дунэтIащ. Сызэрыхуэгуапэм папщIэ фIыщIэ къыхсхуищIын иухыртэкъым нанэ цIыкIум.

- Абы щхьэкIэ фIыщIи сыхуейкъым, си анэм сызэрыхущытым хуэдэу сфIэфIщ сахущытыну си машинэм къитIысхьэ нанэхэм.

- Сыту ущIалэфI дыдэ, - жиIэри, здэкIуэну унэм и адресыр къызитащ.

- КъалэжумкIэ укIуэцIрыкIыу унэкIуэфыну пIэрэ мыбы? - жери къыдыщIигъужащ.

- Ар гъэзгу кIыхьыIуэ хъунщ, мы унэм нэхъ кIащIу екIуалIэ гъэзгуи соцIыху сэ, - жысIащ зэкIэлъызгъэпIащIэу.

- Сэ сыпIащIэркъым, си щIалэ цIыкIу, иужьрейуэ скIу гъуэгуанэщ мыр, си гъащIэм щыщу къэнэжар щызгъэкIуэну унэм, жыхъуэхэр щапIыжьым, сыкIуэу аращ.

Си пащхьэм фIэлъ гъуджэм сыщипIьам, бзылъхугъэм и нэпсыр къэщIурт.

- Си унагъуэр куэд щIащ нэгъуэщI щыпIэ зэрыIэпхъуэрэ, - къыпищащ абы и макъ щабэмкIэ, - дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, къыхсхуэнэжа щIагъуэ щыIэкъыми, си закъуэу унэм сыщIэмысмэ нэхъыфIщ.

Къэзэжьхьым и кIыхьагъымрэ пэкIуэ ахъшэмрэ къызытридзэ Iэмэпсымэр сыIэбэри згъэункIыфIащ.

- Сыт хуэдэ гъэзгукIэ уэрэмэ нэхъ къапщтэрэ?

Сыхьэтитlкlэ дыдэтащ къалэм. Гумахэ хъуа нанэм сигъэльэгъуащ езыр лифтёру щылажьэу щыта унэ зэтетышхуэр, иужькIэ дигъэкIуащ и щхьэгъусэмрэ езымрэ щызэрышагъащIэм щыпсэуа хьэблэм, абы насыпифIэу илъэс бжыгъэкIэ зэрыщыпсэуар игу къигъэкIыжащ. Иджы унэльащIэхэр щащэ тыкуэнышхуэм дыIуигъэхьащ. Ар нанэр щыхьыжьэбдзэсым къэфапIэ унэу щытащ, абы зыщигъэсат езыми. Иныкъуэхэм деж унэ гуэрым е уэрамым деж къэзгъэувыIэну къызэлъэIуэрти, дакъикъэ зыбжанэкIэ щхьэгъубжэм дэплъу щыму щыст.

- Сезэшащ, накIуэ иджы дыздежьам сынэгъэс, - жиIащ нанэм нэхъри нэхъ щэхуэ хъуа и макъымкIэ.

ТIуми зыри жыдмыIэу дынэсащ жьы хуэхэр щапIыж унэм. СанитариткъыщIэкIри, гуапэу нанэр машинэм ирашащ. Къежьэ къыщIэкIынт. Нанэм и шумэдан цIыкIур щыхуIэсхьэжам, бокъыщэр кIыдихащ.

- Дапщэ уэстын хуейр? - жиIэри.

- Зыри, - естащ жэуап.

- Уэ уэрыпсэун къэблэжьын хуейщ, - жи нанэм.

- НэгъуэщIхэм къызатынкъэ, - жызоIэ сэри.

Си Iыхьлы дыдэ а унэм къыщIэзнэ хуэдэ, зезгъэзэныри бзылъхугъэ Iэмащ Iэльэмащ Iэпплэ хуэсщащ.

- ФIызыжь цIыкIум куэд щIауэ зыхимыщIа насыпкIэ ухуэпсэщ ныщхьэбэ, - жиIэри къыпыгуфIыкIащ нанэр, - ФIыщIэ ин пхузощI. И насыпщ уэ пхуздэ къуэ зиIэм.

И Iэр быдэу субыдри сэлам есхьажащ. Си гупэр хуэзмыгъазэу сыкъыIуфIыжащ. Ар си нэгу щIэкIа гъащIэм теуха зы тхылъти, зэгуэспIэжащ. А пщыхьэщхьэм нэгъуэщI къизгъэтIысхьакъым си машинэм. Си нэр здэплъэм сыкIуащ, гупсысэм сиубыдауэ. Си щхьэм щыкIэрахъуэр зыт: си гъащIэм кIуибыдэу нэхъыщхьэ дыдэу зэфIэзгъэкIа Iуэхут ар. Сегупсысырт: а нанэм нэгъуэщI таксист къыпощIэхуарэ хуэгубжьамэ-щэ е сэ машинэр тIэу згъэкIия нэужь, «къыщIэкIыркъым» жысIэрэ сежьэжатэмэ?!

Дэ ди гугъэщ ди гъащIэр IуэхугъуэшхуэхэмкIэ гъэнщIауэ етхьэкIыу, ауэ сыту мащIэлуэ икIи махъуэ ар зэрызэхэлъ наIуэхэр».

Зэзыдзэкlар **ШЫПШ Даянэщ.**

● Псалъэжьхэр

Гур зыхуеIэм Iэр лъоIэс

♦**Хамэр гъэшэраши, унэр гъэшэрыуэ.**
♦**Гур зыхуеIэм Iэр лъоIэс.**
♦**«Дунейм сыт нэхъ IэфI, сыт нэхъ дахэ, сыт нэхъ жэр?» - щыжаIэм:**
«Псэ нэхъ Iэфщ, гъатхэ нэхъ дахэщ, гу нэхъ жэрщ», - жаIащ.
♦**Зыщ Iэм жиIэркъым, жызыIэм ищIэркъым.**
♦**Жьым и мыгъэущ, щIэм и гъуэджэщ.**
♦**Жьындури гугъат тхъэрыкъуэ къуришыну.**
♦**Захуэ жьIэныр нэ ищIыным хуэдэщ.**
♦**Зыри зымыщIэр зэи щыуэркъым.**
♦**Зыщ Iэм и напэр къэзыщэхум и уасэщ.**

Маринэрэ и гъэсэнхэмрэ

● Гъуазджэ

ТIуапсы щIыналъэм щыIэ Цыпкlэ жылэм Щэнхабзэмкlэ и унэм илъэсиплI хъуауэ щылажьэ КIурашын Маринэ и Iэпэlэсагъэр щIыпlэ куэдым къыщащIэну хунэсащ.

АДЫГЭ Республикэм щыщыпсэуам «Налмэс» ансамблым и гуп нэхъыщIэм хэта, дэн-бзэным хуеджа Маринэ и унагъуэм и гъусэу ЦыпкIэ къэIэпхъуэжа нэужь, фIыуэ зыхищIыкI Iуэхум зрагъэщI. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ зэхуищэсри, «Дыщэ къамэ» къэфакIуэ гупыр къызэригъэпэщащ. Къуажэхэм концерт щату ирагъажьэри, гупыр нэсащ районым, край фестивалхэмэ. Аузрэ хореографиемрэ и гъунапкъэм къикIри, этнографиемрэ хуэкIуащ.

- Си унафэ щIэт цIыкIуэр утыку къызэрихьэн фащэ ящуэздурэ, езыхэри а Iэщ Iагъэм дезгъэхьахащ, - къыддогуашэ Маринэ. - Къэфэн духа нэужь, ныбжьыщIэхэр си лэжьапIэм нажэхэрт. Абы апхуэдизкIэ гукъыдэж къыдитати, лъэпкъ фащэхэмкIэ студие къызэIутхын хуей хъуащ, къекIуэлIэну хуейкэри куэдщ. КIурашыным къыдоIэпыкъу Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщI Раманюгинэ Ларисэ, цIыкIуэм я адэ-анэхэр, сытми хуэIэкIуэлъакIуэ и щхьэгъусэ Азэмэт.

Маринэ и «Іыщым» йокIуалIэ зи ныбжьыр илъэс 12-м щегъэжьауэ нэхъыжьыIуэхэри, ныбжьыщIэ 20-м хуэдиз Iэпэlэсагъэм хуегъаесэ. Адыгэхэм я Iэщ Iагъэр къаззрыдекIуэкIам и къыбарым, я куэйм из нэгъуэщI лъэпкъхэм я фащэхэр зэрад, щIыналъэм щыIэ гъэльэгъуэныгъэхэм утыку къыщIрахьэ. Иджыблагъэ КIурашыным и гупыр «Лъабжьэ» Iуэрыlуатэ фестивалым къыщыхэлыдыкIащ икIи «лъэпкъ фащэ» унэтIыныгъэм япэ увыпIищыр къыщIэхьажэм яхэхуащ.

- А фестивалым папщIэ дэ бзылъхугъэ фащэ зыбжанэ гъэзэжьэрат, - жеIэ Маринэ. - НысащIэхэм, пащтыхь гуащэхэм ящыгъыу щытам хуэдэхэр, иджырей тепльэ зиIэ адыгэ фащэр дгъэльэгъуащ. ПыIэм щегъэжьауэ вакъэм нэс лъэпкъ тхыпхъэщIыпхъэхэр хэту ддат. Аращ къэпщытакIуэхэми нэхъ ягу ирихьу къыхагъащэр. IэшлагъэлIэкIэмрэ фестивалым къекIуэлIэхэмрэ хуабжьу тепльыджэ ящыхъуащ «Дыщэ къамэ» къэфакIуэ гупым хэтхэм я Iэдакъэщ Iэкlхэр езыхэм ящыгъыу зэрагъэпльэгъуэжар.

КIурашын Маринэ и гупым етIуанэ увыпIэ къыщихьауэ щытащ Краснодар щекIуакIа Iэшлагъэлъэныгъэми. Абы хэтащ Адыгейм, Къырымым, Ярослав областым, Ставрополь краймкIи къикIа Iэпщlэльапщlэхэри.

«Кавказым и налкъутналмэсхэр» сабий къэфакIуэ ансамблыщIэ ЦыпкIэ къыщыпсэзыгъэпэща Маринэ и Iуэху дахэм иджыри къыщIэну и мурадщ, псом хуэмыдэу щIэупщIэ яIащ лъэпкъ фащэ зыщыгъ гуащэхэм.

НЫБЭ Анзор.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи Iэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.017
Заказ №1188